



THE KENBE FÈM PROJECT

STILLHARBOR.ORG

12 JANVYE 2011 kap vin la, ap gen anpil aktivite kap fèt an Ayiti, ozetazini, e sou tout tè a, pou ede n sonje trajedi orib ki te pase a, tranbleman de tè ki te frape Ayiti nan ane pase a. Tout moun an Ayiti, fanmi yo ki ap viv preske tout kote nan mond lan, tout moun ki te ede yo, tout te touche de soufrans kokenchen evènman sa a te pote. Se yon eksperyans ki te chanje lavi anpil moun.

Li enpotan anpil pou n pa janm bliye sila yo ki tombe e sila yo ke 12 janvye 2010 afekte vi yo, se yon dey nap toujou kontinye pote pou n sonje soufrans sa yo ki pedi manman, papa, pitit, fanmi, e pou n kontinye batay pou yon Ayiti miyo.

Pou anpil moun, konprann yon katastrof, yon trajedi, e bay ed pa yon aktivite jodi-demen. Pwoje Kenbe Fèm nan ap cheche chanje konpreyansyon nou nan ekspoze nou a eksperyans kolektif pwofon de trajedi e patisipasyon nou nan lavni peyi Dayiti.

KISA KI PWOJE KENBE FÈM NAN?


Menm jan ak pwoje ke tout moun konnen “AIDS Quilt” la, ak tout lòt pwoje atistik, Pwoje Kenbe Fèm nan se yon pwoje de patisipasyon kolektif, pou ekspresyon de regre, de refleksyon pèsone, de edikasyon piblik e de batay.

Ti moso twal, moso papyè ke nou ekri sou yo, imaj, ak lòt bagay ke nou ka rele refleksyon--pandye--atache nan fil nan fason pou n konekte memwa ak priye. Se nenpòt ki moun ke 12 janvye te afekte ki pral kontribye refleksyon yo panse yo sou moso papyè sa yo. Rezilta yo ap ekspoze kòm yon fò reprezantasyon tèt ansanm pou n ka pi byen konprann katastrof la, moman ki pote lapenn e met tèt ansanm pou n remonte moman sa yo.

Pwoje Kenbe Fèm nan ap ekspoze pou moun ka wè nan memoryal sa yo e petèt lòt pou piblik la kontribye e gade yo:

1. HAITIAN COALITION (HAITIAN-COALITION.ORG)
SOMERVILLE HIGH SCHOOL, SOMERVILLE, MA, 12 JANVYE DE 5:00 A 7:00
2. PARTNERS IN HEALTH /ZANMI LASANTE (PIH.ORG)
JOHN HANCOCK HALL, BOSTON, MA, 14 JANVYE DE 6:00 A 7:30

Nou ankouraje w pou w voye refleksyon pa w ba nou nan Still Harbor, ou byen vini ave l nan youn nan memoryal yo, ou byen mete pwoje nou an nan memoryal pa w si w vle fè yon nan kominote pa w. **Still Habor ap cheche gwoup, òganizasyon ki ap fè memoryal ki ta vle mete Pwoje Kenbe Fèm nan memoryal yo.**



FÈ MENM JAN AN TOU

Objektif nou se pou Pwoje Kenbe Fèm nan vinn yon pwoje tout moun konnen e aplike menm metòd la pou Ayiti e ak Ayiti. Mete tout refleksyon nou, priye n sou yon papye, sou yon moso twal ou byen kreye e fè enstalasyon de refleksyon pa w:

VOYE REFLEKSYON W BA NOU:

- Sou nenpòt papye 8" x 8" (moso twal, mayo ti sèvyet ka sèvi si ou pa gen lòt twal disponib) itilize màke pèmanan, penti, kolaj, imaj ou byen lòt ekspresyon de regre w Nap mete nan dokiman sa a yon gid ki gen mo e kesyon pou fasilite w.
- Voye refleksyon w ba nou nan **Still Harbor, 666 Dorchester Avenue, South Boston, MA 02127 avan 10 Janvyè 2011**, si w vle pa w la patisipe nan memoryal nou yo ou byen vinn ave l.
- Si w gen kesyon kontakte nou nan info@stillharbor.org.

METE PWOJE KENBE FÈM NAN, NAN MEMORYAL PA W LA SI W AP FÈ YOUN

Pwoje Kenbe Fèm nan se yon fason pou fè refleksyon kominote w la sou soufrans Ayiti a vizib. Ke w fè pati de yon òganizasyon, de yon legliz, yon lekòl, yon group moun ke evènman 12 janvyè a touche, gen espas pou ekspoze santiman w kòm yon ed kolektif ka ede'w jenere yon sans de sipò ak konpreyansyon nan kominote pa w.

Ou ka kreye refleksyon pa w nan memoryal yo, ou byen ou ka fè l an avans. Gen yon gid de mo e kesyon ki enspire nou fè sa. Ou ka itilize l si w met Pwoje Kenbe Fèm nan nan memoryal pa w.

Pandan wap decide si wap kolekte refleksyon an avans ou pa, gen de twa ti bagay ou ka fè pou w fè Pwoje Kenbe Fèm nan pran nan memoryal ou a:

- Asire w ke gen ase espas nan memoryal la pou w kroke plizye fil de refleksyon e fòk gen yon tab si moun nan ta vle ekri refleksyon pa l la menm kote a.
- Achte ou kolekte fil twal ou fil fè, epeng, krok elatriye, etc. Ou ka chwazi ja n w vle pou ekpoze refleksyon yo.
- Achte ou kolekte yon pake twal laj 8x8 (ou byen woulo twal laje w vle).
- Achte ou kolekte màke, penti, kolaj, imaj, etc. Gen moun ki ka chwazi mete foto ou byen lòt bagay pèsone l.
- Mete pwoje a nan memoryal wap fè a. Ankouraje moun vinn ak refleksyon pa yo, voye yo ba ou ou byen prepare yo avan. Si w vle konn koman ou ka fè l ou ka telechaje imaj Pwoje Kenbe Fèm yo la: <http://www.stillharbor.org/storage/Kenbe-Fem-Image-words-rec.gif>.
- Voye foto adaptasyon w de Pwoje Kenbe Fèm nan bay info@stillharbor.org.



GID PWOJE KENBE FÈM NAN

Gen anpil mo ki enspire nou ki fè nou reflechi, mo ki nan tèt nou, nan memwa nou; gen santiman ki ede nou konprann e manifeste sa nou konn men twò souvan pa di. Nou gen plizye powèm, lirik e mo ki ede nou ou byen kominote nou pou nou rantre nan refleksyon pèsonele ou kolektif. Petèt w ka li mo sa yo an silans ou byen fò si w chwazi. Apre premye lekti a, pran yon ti poz an silans, li l yon dezyèm fwa. Pran yon ti moman pou w reflechi. Ou ka itilize kesyon sa yo kòm gid la:

REKONET

- Kisa mo powèm nan ap eseye di?
- Kijan pou m reaji a powèm sa a?

EGZAMINE

- Eske gen mo yo itilize pou fè m santi yon bagay?
- Kijan m santi m?
- Ki efe santiman ak mo sa yo pwodi?

MANIFESTE

- Eske m konn pataje santiman, emosyon, oubyen memwa sa yo ak lòt moun deja?
- Ki mo ou byen ki imaj m ta ka itilize pou m manifeste santiman sa yo?

CHANSON DAMOU

de Nadia Herman Colburn, tradwi pa Marilene Phipps-Kettlewell

La tè a ki bèl tout bon men nan fason pal sèlman

ki san konsolasyon—

pye nwa kajou a
pye lorye ròz lan

kabrit yo, ki grangou tout tan—

Ki lès moun ki pa janm santi kè w ap bat pou yo?

Sak gen kè kontan an dedan mwèn an, ki moun li ye?

Abandon,
mizè,
yo ladan tou.

Se kòm si lè w di “yo tout”
se te pawòl nan lòt langaj.

Kounyea tout bouch pe.

